

# BAB 1

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa miboga pungsi salaku alat komunikasi jeung papada manusa. Salawasna manusa moal bisa leupas tina basa, sabab dina hirup kumbuh sapopoéna manusa mikabutuh basa pikeun komunikasi, ogé pikeun ngedalkeun eusi haté atawa ide, pikiran, jeung gagasan nu aya dina diri manusa.

Sangkan bisa ngarojong kabeungharan Bahasa Indonesia, kudu diayakeun inovasi dina pangajaran basa daérah (Sunda). Inovasi téa ngawengku sistem atikan basa daérah anu lumangsung di lembaga-lembaga atikan. Lamun dina basa Sunda atawa dina basa daérah séjéna teu ngayakeun inovasi dina sistem atikan, kapercayaan anu diséréneun ka basa daérah (Sunda) bisa jadi hésé ngawujudna.

Kaparigelan basa ngawengku opat aspék, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Tina opat aspék ieu bakal katitén kamampuh siswa anu béda-béda, hal ieu dipangaruhan ku sababaraha faktor. Salah sahiji faktor anu mangaruhan kana prestasi diajar siswa nya éta minat.

Minat siswa kana mata pelajaran Basa Sunda mangrupa salah sahiji faktor anu nangtukeun kahontalna prestasi diajar Basa Sunda anu leuwih hadé. Hartina lamun siswa teu boga minat anu gedé kana Basa Sunda, tangtu hasil prestasi diajarna Basa Sunda ogé goréng.

Dina dangeun ayeuna minat siswa kana diajar basa Sunda téh kurang, bisa ogé disebut aya dina kaayaan kritis. Anu jadi paktorna nya éta nu kahiji, tina segi tanaga pangajarna anu kurang, jadi guru widang séjén ngajarkeun basa Sunda, nu ngabalukarkeun tujuan pangajaran kurang kahontal. Kadua, di sakola pangajaran Basa Sunda jiga anu teu di pentingkeun contona dina rapot pelajaran basa Sunda teu langsung dicetak, tapi ditulis dina kolom kosong. Katilu, siswa kaayeunakeun loba nu nganggap énténg kana pangajaran basa Sunda, jeung masih aya kénéh pangaruh-pengaruh séjénna deui.

Saupama siswa miboga kahayang anu luhur pasti manéhna ngarasa resep kana diajarna sarta bakal ningkatkeun kana hasilna.

*Wahyudin, 2014*

*Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Minat siswa bakal ngabalukarkeun karep kana diajarna, saupama geus ngarasa resep bakal ningkatkeun kamampuhanana pikeun ngajawab kana pasualan-pasualan anu aya dina pangajaran anu keur disanghareupanana. Lamun minatna geus kuat, tinangtu hasilna bakal leuwih alus.

Katitén dilapangan, minat siswa kana diajar hususna dina opat aspék kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis téh béda-béda, ngabalukarkeun ayana babandingan tina unggal aspék ieu. Misalna dina nulis pangalaman pribadi aya siswa anu alus dina kamampuh nulisna tapi kurang dina kamampuh nyaritana, kitu ogé sabalikna.

Dina nulis pangalaman pribadi, siswa kudu nyaho kana hakékat nu sabenerna,éta hal bisa ngagampangkeun siswa dina nulis pangalaman pribadi. Sangkan siswa leuwih gampang dina prak-prakan nulis pangalaman pribadi, dina enas-enasna nungtut kana kakréatifan siswa dina ngedalkeun eusi haté jeung pikirana pikeun diébréhkeun runtuyan kalimah anu merenah kalawan miboga jalan carita anu alus tur ngandung makna. Dina nulis pangalaman pribadi nu bisa dijadikeun référénsi di antarana eusi haté atawa pikiran, pangalaman, kaayaan sabudeureun, jjrd.

Katitén di lapangan, yén lolobana siswa utamana siswa SMP kelas VII anu masih kénéh kurang parigel jeung kréatif dina nulis pangalaman pribadi. Aya sababaraha faktor anu mangaruhan siswa kurang parigel jeung kréatif dina nulis pangalaman pribadi, di antarana nya éta, kurangna pangaweruh ngeunaan kumaha cara nulis pangalaman pribadi, kurangna inovasi guru dina ngawangun motivasi siswa, sarta kurangna daya imajinasi siswa dina nulis pangalaman pribadi, utamana kurangna minat siswa kana diajar basa Sunda. Ku kituna tina faktor-faktor ieu nu ngabalukarkeun ayana bébédana antara kamampuh nulis jeung nyaritana.

Panalungtikan ieu perlu dilaksanakeun pikeun: a) mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII, b) mikanyaho kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII, c) mikanyaho babandingan antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII, d) mikanyaho korélasina anantara dua kamampuh ieu. Ku kituna bakal katitén kumaha hasilna

**Wahyudin, 2014**

***Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tina panalungtikan ieu anu ngabalukarkeun ayana babandingan kamampuh diajar téh.

Pasualan dina pangajaran basa Sunda utamana dina babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi can aya nu nalungtik. Ku kituna, perlu di talungtik kumaha babandingan dua aspék dina mata pelajaran basa Sunda hususna nulis jeung nyarita pangalaman pribadi di SMP Muhammadiyah 4 Margahayu.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita pangalaman pribadi Siswa Kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu. Anapon masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, katangtuanana ngawengku:

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi dina pangajaran nulis ngawengku aspék eusi, sistematika, tatabasa, diksi, jeung éjahan. Ku kituna, dina panalungtikan ieu diwatesanan ngan opat aspek nya éta aspék eusi, sistematika, tatabasa jeung diksi.
- 2) kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nyarita ngawengku aspék eusi, sistematika, tatabasa, diksi, jeung lafal. Ku kituna, dina panalungtikan ieu diwatesanan ngan opat aspek nya éta aspék eusi, sistematika, tatabasa jeung diksi.
- 3) babandingan kamampuh nulis jeung nyarita pangalaman pribadi. Aspék anu dibandingkeun tina dua kamampuh ieu nya éta aspék eusi, sistematika, tatabasa, diksi.
- 4) korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nulis jeung nyarita di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi dina pangajaran nulis ngawengku aspék eusi, sistematika, tatabasa, diksi, jeung éjahan. Ku kituna, dina panalungtikan ieu diwatesanan ngan opat aspek nya éta aspék eusi, sistematika, tatabasa jeung diksi?
- 2) Kumaha kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nyarita ngawengku aspék eusi, sistematika, tatabasa, diksi, jeung lafal. Ku kituna, dina panalungtikan ieu diwatesanan ngan opat aspek nya éta aspék eusi, sistematika, tatabasa jeung diksi?
- 3) Kumaha babandingan kamampuh nulis jeung nyarita pangalaman pribadi. Aspék anu dibandingkeun tina dua kamampuh ieu nya éta aspék eusi, sistematika, tatabasa, diksi?
- 4) Kumaha korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nulis jeung nyarita di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nulis jeung nyarita. Sarta korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nulis jeung nyarita di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014.

### 1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi dina pangajaran nulis di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014,
- 2) kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nyarita di kelas VII D

*Wahyudin, 2014*

*Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014,

- 3) babandingan kamampuh nulis jeung rata-rata kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nulis jeung nyarita di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014.
- 4) korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi dina pangajaran nulis jeung nyarita di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.4.1 Mangpaat Teoritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikanyaho babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajaran 2013/2014. Hasilna dipiharep bisa ngamotivasi guru dina ngaronjatkeun minat siswa dina nulis jeung nyarita carita hususna minat pikeun diajar Basa Sunda.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sangkan leuwih écés, diwincik sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, bisa mikawanoh kamampuh nulis jeung nyarita carita pangalaman pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu, sarta faktor naon anu mangaruhan kana hasil panalungtikan,
- 2) pikeun siswa, hasil tina ieu panalungtikan bakal ngadatangkeun mangpaat pikeun siswa anu miboga masalah dina kaparigelan nulis jeung kaparigelan nyarita, sarta nimbulkeun minat, sumanget, tur nambahan kaparigelan dina kamapuh nulis jeung nyaritana,
- 3) pikeun guru, bisa mikanyaho kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita carita pangalamn pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu, sarta bisa leuwih ningkatkeun deui tarékahna supaya bisa ngaropéa masalah anu bakal timbul dina pangajaran nulis jeung nyarita pangalam pribadi.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Anapon sistematika penulisan panalungtikan ieu nya éta:

BAB I ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan;

BAB II Ngawengku landasan tiori ngeunaan pangajaran nulis jeung nyarita pangalaman pribadi, anggapan dasar, jeung hipotesis. Dina ieu bab, eusina medar ngeunaan tatapakan teori anu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;

BAB III Ngawengku métodé panalungtikan, medar ngeunaan populasi jeung sampel, desain panalungtikan, metode panalungtikan, tehnik panalungtikan, istrumen panalungtikan, wangenan operasional, tehnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV eusina ngeunaan data jeung analisis hasil panalungtikan, medar ngeunaan deskripsi, prak-prakan, jeung hasil babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu; jeung

BAB V Ngawengku kacindekan jeung saran. Panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.